



Social Security

Sa Ou Dwe Konnen Lè W ap
Resevwa Benefis pou Retrèt
Oswa Benefis Sivivan

2013

www.socialsecurity.gov

Kijan pou kontakte Sekirite Sosyal

Vizite sitwèb nou an

Sitwèb nou an, ***www.socialsecurity.gov***, se yon resous ki itil anpil pou enfòmasyon konsènan tout pwogram Sekirite Sosyal yo. Nan sitwèb nou an, ou ka:

- Fè aplikasyon pou kèk kalite avantaj;
- Revize *Social Security Statement (Rapò kont Sekirite Sosyal)* ou;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal nan zòn kote ou rete a;
- Chanje adrès ou;
- Fè aplikasyon pou yon modpas pou ou ka tcheke avantaj ou yo oswa chanje enfòmasyon depo dirèk ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou genyen an;
- Mande yon lèt pou konfime montan avantaj ou yo; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

Rele nimewo telefòn gratis kote nou bay enfòmasyon an

Anplis itilize sitwèb nou an, ou ka rele nimewo telefòn gratis kote nou bay enfòmasyon an nan **1-800-772-1213**. Nou kenbe tout koutfil yo an sekre. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a. m. ak 7 p. m. , lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap rete tann pandan mwens tan si ou rele nan semèn lan apre madi. Nou ka bay enfòmasyon nan sèvis telefòn ki gen mesaj otomatik la 24 èdtan pa jou. (Ou ka itilize sistèm repons vokal otomatik la pou ba nou adrès ou oswa pou mande pou nou ranplase yon kat Medicare.)Si ou soud oswa si ou pa tande byen, ou ka rele nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**.

Nou vle garanti tou ou resevwa sèvis ki egzak epi ak anpil respè. Se pou rezon sa a nou fè yon dezyèm ajan Sekirite Sosyal suiv kèk koutfil.

Ki sa ki andedan

Entwodiksyon	4
Enfòmasyon konsènan avantaj ou yo	4
Sèvis nou ofri yo	6
Kisa ou dwe rapòte ba nou	7
Si w ap travay epi w ap resevwa Sekirite Sosyal an menm tan	13
Lòt enfòmasyon enpòtan	17
Yon mo konsènan Medicare	20

Entwodiksyon

Tiliv sa a esplike kèk nan dwa ak responsablite ou genyen lè w ap resevwa avantaj pou retrèt oswa avantaj pou sivivan.

Nou sijere ou pran tan kounyeya pou li tiliv sa a, lèfini mete li yon kote ki an sekirite pou ou ka itilize li pou referans nan lavni.

Si w ap resevwa peman Supplemental Security Income [Revni Anplis pou Sekirite] (SSI) tou, mande *What You Need To Know When You Get Supplemental Security Income (SSI)* [Kisa ou dwe konnen lè w ap resevwa revni anplis pou sekirite] (Piblikasyon Nimewo 05-11011).

Enfòmasyon konsènan avantaj ou yo

Ki lè epi kijan nou peye avantaj ou yo

Nou peye avantaj Sekirite Sosyal chak mwa nan mwa ki vini apre mwa nou dwe peye avantaj yo; pa egzanp, nan mwadout, ou t ap resevwa avantaj ou pou mwa jiyè. Anjeneral, jou nan mwa a ou resevwa peman avantaj ou yo depann sou dat nesans moun ou resevwa avantaj sou dosye revni li yo. Pa egzanp, si ou jwenn avantaj antan yon moun ki te travay epi ki pran retrèt, n ap detèmine avantaj ou yo dapre dat nesans ou. Si ou resevwa avantaj ki baze sou travay mari/madanm ou, n ap detèmine dat peman avantaj ou yo dapre dat nesans mari/madanm ou.

Dat nesans	Nou peye avantaj yo chak mwa nan dat
1ye - 10	Dezyèm mèkredi nan mwa a
11 - 20	Twazyèm mèkredi nan mwa a
21 - 31	Katriyèm mèkredi nan mwa a

Si ou resevwa ni avantaj Sekirite Sosyal ni avantaj SSI, peman Sekirite Sosyal ou ap rive twazyèm jou nan mwa a epi peman SSI ou ap rive premye jou nan mwa a.

Peman elektwonik

Lè ou fè aplikasyon pou avantaj Sekirite Sosyal, ou dwe siyen pou resevwa peman ou yo pa mwayen elektwonik.

Depo dirèk se yon jan senp, ki pwoteje epi ki an sekirite pou resevwa avantaj ou yo. Kontakte bank ou pou li ka ede ou siyen pou peman elektwonik. Oswa ou ka siyen pou depo dirèk si ou kontakte nou.

Yon lòt opsyon ou genyen se pwogram kat Direct Express® la. Ak Direct Express®, depo peman gouvènman federal yo fèt dirèkteman sou kont ki gen kat la. Li rapid epi fasil pou siyen pou jwenn kat la. Rele nimewo telefòn gratis Treasury Electronic Payment Solution Contact Center a [Sant kontak pou solisyon pou peman elektwonik nan depatman trezò] nan **1-800-333-1795**. Oswa siyen sou entènèt nan **www.GoDirect.org** Epitou, Sekirite Sosyal ka ede ou siyen pou pwogram nan.

Yon twazyèm opsyon se yon Kont pou transfè elektwonik. Kont sa a koute yon ti pri ba epi gouvènman federal la asire li. Li pèmèt ou jwi pwoteksyon, sekirite ak fasilite peman otomatik yo. Ou ka kontakte nou oswa vizite sitwèb la nan **www.eta-find.gov** pou jwenn enfòmasyon konsènan pwogram sa a; oswa pou jwenn yon bank, asosyasyon pou kont epay ak kredi, oswa yon asosyasyon kowoperativ pou kredi (credit union) ki tou pre ou epi ki ofri kalite kont sa a.

Si ou pa resevwa peman elektwonik ou dat nou dwe voye li ba ou a, rele nou imedyatman nan nimewo telefòn gratis nou an, **1-800-772-1213**.

Si ou resevwa yon peman elektwonik ou konnen nou pa dwe ou, fè enstisyon finansye ou la voye li tounen bay U. S. Treasury Department (Depatman Trezò nan Etazini). Si ou aksepte peman nou pa dwe ou yo an tout konsyans ou, nou kapab pote akizasyon kriminel kont oumenm.

Kijan pou peye taks sou avantaj ou yo

Gen anviwon 40 pousan moun k ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal ki oblije peye taks ou avantaj resevwa yo. W ap gen pou peye taks sou avantaj ou yo si ou depoze yon deklarasyon taks federal sou revni ou kòm yon “patikilye” epi revni total ou depase \$25,000. Si ou ranpli yon deklarasyon taks ansanm ak mari/madanm ou, w ap gen

pou peye taks si revni oumenm ak mari/madanm ou depase \$32,000. Si ou marye epi ou ranpli deklarasyon taks apa, ou sandout ap peye taks sou avantaj ou yo.

Pou fè dedui taks federal, ou ka mande yon Fòm W-4V nan Internal Revenue Service si ou rele nimewo telefòn gratis la, **1-800-829-3676**, oswa si ou vizite sitwèb nou an. Apre ou fin ranpli epi siyen fòm nan, voye li tounen nan biwo Sekirite Sosyal nan zòn kote ou rete a pa lapòs oswa an pèsòn.

Pou plis enfòmasyon, rele nimewo telefòn gratis Internal Revenue Service la, **1-800-829-3676**, pou mande Piblikasyon 554, *Tax Guide for Seniors [Gid pou taks pou moun aje]*, ak Piblikasyon 915, *Social Security and Equivalent Railroad Retirement Benefits [Avantaj Sekirite Sosyal ak Ekivalan Retrèt nan Nivo Chemendfè]*.

Sèvis nou ofri yo

Sèvis Sekirite Sosyal gratis

Gen kèk biznis ki fè reklam ki di yo ka fè sèvis chanje non moun oswa bay kat Sekirite Sosyal epi yo chaje yon frè pou sa. Sekirite Sosyal fè sèvis sa yo gratis, kifè pa peye pou yon bagay ki gratis. Rele nou oswa vizite sitwèb nou an dabò. Sekirite Sosyal se pi bon kote pou jwenn enfòmasyon konsènan Sekirite Sosyal.

Mizajou nan enfòmasyon yo

Detanzantan, nou voye enfòmasyon enpòtan konsènan Sekirite Sosyal ba ou, pa egzanp:

- **Ajisman nan montan li koute pou viv**
Si montan li koute pou viv la ogmante, nan mwa janvyè, avantaj ou yo ap ogmante otomatikman. N ap fè ou konnen nouvo montan w ap resevwa a davans.
- **Limit nan revni chak ane**
Si ou pi jenn pase laj pou retrèt konplè a, gen yon limit nan kantite revni ou ka fè epi ou toujou resevwa tout avantaj Sekirite Sosyal ou. Òdinèman, montan sa a chanje chak ane. N ap fè ou konnen nouvo montan w ap resevwa a davans. Pou plis enfòmasyon, menm pou enfòmasyon sou limit pou ane 2013 la, gade paj 13.

Kijan n ap kontakte ou

Anjeneral, nou voye yon lèt oswa yo avi ba ou ou pa lapòs lè nou vle kontakte ou, men pafwa yon reprezantan Sekirite Sosyal ka vin lakay ou. Reprezantan nou an ap montre ou idantifikasyon anvan li pale sou avantaj ou yo avèk ou. Si ou janm doute yon moun ki di se nan Sekirite Sosyal li soti, rele biwo Sekirite Sosyal la pou mande si yo te voye yon moun vin wè ou. Epi sonje byen, anplwaye Sekirite Sosyal pap janm mande ou lajan pou fè anyen.

Kont **my Social Security** sou entènèt

Ou ka etabli yon kont **my Social Security** sou entènèt an tout sekirite. Ou ka itilize kont **my Social Security** ou pou jwenn aksè nan *Social Security Statement* ou [*Rapò kont Sekirite Sosyal*] pou tcheke revni ou epi pou jwenn yon estimasyon sou avantaj ou yo. Si w ap resevwa avantaj kounyeya, gen posiblite tou pou ou ka:

- Jwenn lèt verifikasyon avantaj ou yo;
- Chanje adrès ak nimewo telefòn ou; oswa
- Kòmanse depo dirèk ou oswa chanje enfòmasyon depo dirèk ou.

Ou ka kreye yon kont **my Social Security** si ou gen laj 18 an oswa pi plis, ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal epi yon adrès imèl ki valab epi yon adrès postal nan Etazini. Pou kreye yon kont, ale nan ***www.socialsecurity.gov/myaccount***. W ap gen pou bay kèk enfòmasyon pèsònèl pou verifye idantite ou, lèfini chwazi yon non kòm itilizatè ak yon modpas.

Kisa ou dwe rapòte ba nou

Responsablite ou yo

Li enpòtan pou fè nou konnen tousuit posib nenpòt lè youn nan chanjman ki ekri nan seksyon sa a rive.

REMAK: *Si ou pa rapòte yon chanjman, sa ka fè nou ba ou yon peman nou pat dwe ou. Si nou ba ou yon peman nou pat dwe ou, n ap re pran nenpòt peman nou pa dwe ou yo. Epitou, si ou pa rapòte chanjman yo atan oswa si ou fè espere ou fè yon deklarasyon fo, avantaj ou yo ap sispann. Pou premye vyolasyon an, avantaj ou yo ap sispann pou sis mwa, pou dezyèm vyolasyon an, 12 mwa; epi pou twazyèm nan, 24 mwa.*

Ou ka rele, ekri oswa vizite nou pou fè yon rapò. Mete nimewo reklamasyon ou lan tou pre. Si ou resevwa avantaj ki baze sou travay ou, nimewo reklamasyon ou lan se menm ak nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou resevwa avantaj sou dosye travay yon lòt moun, nimewo reklamasyon ou ap parèt sou tout lèt nou voye ba ou konsènan benefis ou yo.

Yon lòt ajans gouvènman ka bay Sekirite Sosyal enfòmasyon ou bay lòt ajans sa a, men ou dwe rapòte chanjman yo ba nou tou.

Si revni ou panse ou ka resevwa a chanje

Si w ap travay, òdinèman nou mande pou ou bay yon estimasyon sou revni ou pou ane a. Si pita ou reyalize revni ou yo pi plis oswa pi piti pase sa ou te panse a, fè nou konnen tousuit posib pou nou ka ajiste avantaj ou yo. Gade “Working and getting Social Security at the same time” (Si w ap travay epi w ap resevwa Sekirite Sosyal an menm tan) nan paj 13 pou ou jwenn èd pou fè estimasyon ki egzak sou revni.

Si ou demenaje

Lè ou gen entansyon demenaje, fè nou konnen nouvel adrès ak nouvo nimewo telefòn ou imedyatman ou konnen yo. Menm si ou resevwa avantaj ou pa mwayen depo dirèk, Sekirite Sosyal dwe gen adrès kòrèk ou pou nou ka voye lèt ak lòt enfòmasyon enpòtan ba ou. Avantaj ou yo ap sispann si ou pa kapab kontakte nou. Ou ka chanje adrès ou nan sitwèb nou an si ou ouvri yon kont **my Social Security**. Oswa ou ka rele **1-800-772-1213** epi itilize sistèm otomatik nou an.

Si nenpòt manm fanmi ou, k ap resevwa avantaj, ap demenaje ansanm avèk ou, tanpri fè nou konnen non yo. Ou dwe depoze yon fòm pou chanje adrès nan biwo lapòs nan zòn kote ou rete a.

Si ou chanje kont depo dirèk ou yo

Si ou chanje enstitisyon finansye oswa si ou ouvri yon nouvo kont, ou ka chanje depo dirèk ou sou entènèt si ou gen yon kont **my Social Security**. Oswa, nou ka chanje enfòmasyon depo dirèk ou nan telefòn apre nou fin verifye idantite ou. Ou dwe gen nimewo ni ansyen kontanbank ni nouvo kontanbank ou soulamen lè ou rele nou. Yo ekri sou chèk pèsònèl ou yo ak sou rapò labank voye ba ou konsènan kont ou yo. Li pran anviwon 30-60 jou pou chanje enfòmasyon sa a. Pa fèmen ansyen kont ou jiskaske ou konnen nou depeze avantaj Sekirite Sosyal ou nan nouvo kont lan.

Si yon moun pa kapab administre fon yo

Pafwa yon moun pa kapab administre pwòp lajan li. Si sa rive, yon moun dwe fè nou konnen. Nou ka fè aranjman pou voye avantaj yo bay yon fanmi, yon lòt moun, oswa òganizasyon ki dakò pou itilize lajan pou byennèt moun k ap resevwa avantaj yo. Nou rele moun sa a oswa òganizasyon sa a yon “reprèzantan ki resevwa peman pou benefisyè”. Pou plis enfòmasyon, mande *A Guide For Representative Payees* [Yon gid pou reprèzantan ki resevwa peman pou benefisyè] (Piblikasyon Nimewo 05-10076).

REMAK: Moun ki gen “responsablite pou gad legal” oswa “pwokirasyon” pou yon moun pa kalifye otomatikman pou li yon reprèzantan ki resevwa peman pou benefisyè.

Si ou gen yon pansyon nan travay ki pa kouvri

Si ou kòmanse resevwa yon pansyon nan men yon travay kote ou pat peye taks Sekirite Sosyal—pa egzanp, nan federal Civil Service Retirement System [Sistèm retrèt pou travay gouvènman federal] oswa kèk eta oswa kèk sistèm pansyon lokal—nou ka oblije rekalkile avantaj Sekirite Sosyal ou, epi nou kapab diminye yo. Epitou, fè nou konnen si montan pansyon ou lan chanje.

Si ou marye oswa divòse

Si ou marye oswa divòse, avantaj Sekirite Sosyal ou kapab afekte, toudepann sou kalite avantaj ou resevwa yo.

Si avantaj ou yo sispann paske ou marye oswa ou remarye, yo kapab rekòmanse ankò si maryaj la fini.

Tablo ki pi ba la a gen egzanp ladan.

Si ou gen:	Lè sa a:
Pwòp avantaj pa ou pou retrèt	Avantaj ou yo ap kontinye.
Avantaj mari/madanm	Avantaj ou yo ap kontinye si ou divòse epi ou gen laj 62 an oswa pi plis amwenke ou te marye pandan mwens pase 10 ane.
Avantaj moun ki gen mari oswa madanm mouri	Avantaj ou yo ap kontinye si ou remarye lè ou gen laj 60 an oswa plis.
Nenpòt lòt kalite avantaj	Ajeneral, avantaj ou yo ap sispann lè ou marye. Avantaj ou yo ka rekòmanse ankò si maryaj la fini.

Si ou chanje non ou

Si sou chanje non ou—poutèt maryaj, divòs, oswa yon lòd tribinal—w ap oblije fè nou konnen tousuit. Si ou pa ba nou enfòmasyon sa a, n ap ba ou avantaj ou yo sou ansyen non ou epi, si ou gen depo dirèk, peman ou yo ka pa ale nan kont ou.

Si ou resevwa avantaj paske w ap okipe yon timoun

Si ou resevwa avantaj paske w ap okipe yon timoun ki poko gen 16 an oswa yon timoun andikape, ou dwe fè nou konnen tousuit si ou pap okipe timoun lan ankò oswa si timoun lan chanje adrès. Ba nou non ak adrès moun timoun lan ap viv avèk li a.

Yon separasyon tanporè ka pa afekte avantaj ou yo si ou kontinye gen kontwòl sou timoun lan antan paran li, men avantaj ou yo ap sispann si ou pa gen responsablite pou timoun lan ankò. Si timoun lan tounen vin sou kont ou pou ou okipe li, nou ka kòmanse voye avantaj yo ba ou ankò.

Avantaj ou yo ap fini lè timoun ki pi piti, ki pa marye epi ki sou kont ou pou okipe a gen laj 16 an amwenke timoun lan andikape. Avantaj pitit ou ka kontinye menm jan nou esplike nan paj 17-18.

Si yon moun adopte yon timoun k ap resevwa avantaj

Lè yon moun adopte yon timoun k ap resevwa avantaj, fè nou konnen nouvo non timoun lan, dat adopsyon an te fèt la, epi non ak adrès paran ki adopte timoun lan. Adopsyon an an pap lakòz avantaj yo fini.

Si ou vin paran yon timoun apre ou kòmanse resevwa avantaj

Si ou vin paran yon timoun (menm si se yon timoun adopte) apre ou te kòmanse resevwa avantaj yo, fè nou konnen pou nou ka deside si timoun lan kalifye pou avantaj.

Si gen yon manda pou arestasyon ou ki poko egzekte

Ou dwe fè nou konnen si gen yon manda pou arestasyon ou pou nenpòt nan krim sa yo:

- Sove pou evite ale lajistis oswa ale nan prizon;
- Sove nan prizon; epi
- Sove-evade.

Ou pa kapab resevwa avantaj pou retrèt regilye, sivivan oswa andikap, oswa okenn peman nou ta ka dwe ou, pandan nenpòt mwa kote gen yon manda arestasyon pou arestasyon ou ki poko egzekte pou nenpòt nan krim sa yo.

Si yo kondane ou pou yon ofans kriminèl

Si w ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal epi yo kondane ou pou yon krim, ou dwe avize Sekirite Sosyal imedyatman. Anjeneral, nou pa peye avantaj pou mwa yon moun pase nan prizon, men nenpòt manm fanmi ki kalifye ka kontinye resevwa avantaj pa yo.

Si ou komèt yon krim epi yo mete ou nan yon enstitisyon

Òdinèman, nou pa peye avantaj pou moun ki komèt yon krim epi ki nan yon enstitisyon sou yon lòd tribinal epi sou depans piblik. Sa aplike si yo deklare moun lan:

- Koupab, men fou; oswa
- Pa koupab poutèt pwoblèm mantal oswa faktè ki sanblab (pa egzanp, maladi mantal, andikap mantal oswa enkonpetans mantal); oswa
- Enkonpetan pou patisipe nan yon pwosè; oswa
- Yon danje nan pwennvi seksyèl

Si ou vyole yon kondisyon pou libète kondisyonèl oswa libète siveye

Ou dwe fè nou konnen si w ap vyole yon kondisyon pou libète siveye oswa libète kondisyonèl yo enpoze ou dapre lalwa federal oswa lalwa eta a. Ou pa kapab resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou okenn mwa kote ou vyole yon kondisyon pou libète siveye oswa yon kondisyon pou libète kondisyonèl.

Si ou kite Etazini

Si ou se yon sitwayen ameriken, ou ka vwayaje oswa al viv nan peyi etranje san sa pa afekte avantaj Sekirite Sosyal ou. Men, gen kèk peyi kote nou pa ka voye peman Sekirite Sosyal. Peyi sa yo se Azèbejan, Belaris, Kiba, Jewòji, Kazakstan, Kijizistan, Mòldavi, Koredinò, Tadjikistan, Tikmenistan, Ikrèn, Ouzbekistan ak Vyetnam. Men, gen eksepsyon ki ka fèt pou kèk benefisyè kalifye ki nan peyi ki pa Kiba ak Koredinò. Pou plis enfòmasyon konsènan eksepsyon sa yo, tanpri kontakte biwo Sekirite Sosyal nan zòn kote ou rete a.

Fè nou konnen si ou gen entansyon kite Etazini pou yon vwayaj ki dire 30 jou oswa pi plis. Fè nou konnen non peyi a oswa peyi yo ou espere vizite yo ak dat ou gen entansyon kite Etazini an. N ap voye espikasyon espesyal sou kijan pou fè rapò yo epi n ap di ou kijan pou fè aranjman pou avantaj ou yo pandan ou pa nan peyi a. Ou dwe fè nou konnen lè ou tounen nan Etazini.

Si ou pa yon sitwayen ameriken epi ou tounen vin abite nan Etazini, ou dwe ba nou prèv sou kondisyon ou antan yon moun ki pa sitwayen pou ou ka kontinye resevwa avantaj yo. Si ou travay nan yon lòt peyi ki pa Etazini, gen règleman diferan ki aplike lè n ap detèmine si ou ka jwenn avantaj ou yo.

Pou plis enfòmasyon, mande *Your Payments While You Are Outside The United States* [Peman ou yo pandan ou pa nan Etazini] (Piblikasyon Nimewo 05-10137).

Si kondisyon sitwayènte ou chanje

Si ou pa yon sitwayen, fè nou konnen si ou vin yon sitwayen ameriken oswa si estati ou antan yon moun ki pa sitwayen chanje. Si estati imigrasyon ou ekspire, ou dwe ba nou nouvo prèv ki demontre ou kontinye rete legalman nan Etazini.

Si yon benefisyè mouri

Fè nou konnen si yon moun k ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal mouri. Nou pa peye avantaj yo pou mwa moun nan mouri a. Sa vle di si moun nan mouri nenpòt lè nan mwa jiyè, pa egzanp, ou dwe voye chèk ou resevwa nan mwadout la (ki peman pou mwa jiyè) tounen. Si ou utilize depo dirèk, mete enstitisyon finansye a okouran lanmò a tousuit posib pou enstitisyon finansye a ka voye peman li resevwa apre lanmò a tounen.

Manm fanmi kapab kalifye pou avantaj Sekirite Sosyal pou sivivan lè yon moun k ap resevwa avantaj mouri.

Si w ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal ak avantaj nan nivo retrèt pou chemendfè

Si w ap resevwa ni avantaj Sekirite Sosyal ak avantaj nan nivo retrèt pou chemendfè ki baze sou travay mari/madanm ou epi mari/madanm ou mouri, ou dwe fè nou konnen imedyatman. Ou pa kalifye pou resevwa toulède avantaj yo ankò: N ap fè ou konnen ki avantaj pou sivivan w ap resevwa.

Si w ap travay epi w ap resevwa Sekirite Sosyal an menm tan

Kijan revni ou afekte avantaj ou yo

Ou ka kontinye travay epi toujou resevwa avantaj retrèt Sekirite Sosyal. Revni ou nan mwa ou gen laj pou retrèt konplè a (oswa apre sa) pap afekte avantaj Sekirite Sosyal ou. Men, avantaj ou yo ap diminye si revni ou depase yon sèten limit pou mwa ki vini anvan ou gen laj pou retrèt konplè a. (Laj pou retrèt konplè a se 66 an pou moun ki te fèt ant ane 1943 ak 1954 epi l ap ogmante detanzantan jiska 67 an pou moun ki te fèt nan ane 1960 oswa apre sa.)

- Si ou poko gen laj pou retrèt konplè, n ap dedui \$1 nan avantaj ou yo pou chak \$2 revni ou genyen ki depase limit chak ane a (\$15,120 nan ane 2013).
- Nan ane ou gen laj pou retrèt konplè a, n ap dedui \$1 sou avantaj ou yo pou chak \$3 ou fè ki depase yon limit chak ane ki diferan (\$40,080 nan ane 2013) jiskaske mwa ou gen laj pou retrèt konplè

a rive. Lè sa a, ou jwenn peman konplè pou avantaj Sekirite Sosyal ou, kèlkeswa kantite ou fè a.

Si ou poko gen laj pou retrèt konplè epi nou dedui enpe nan avantaj ou yo paske revni ou pi plis pase \$15,120, gen kèk bòn nouvèl. Lè ou gen laj pou retrèt konplè, avantaj ou yo ap ogmante paske n ap pran an konsiderasyon mwa kote ou pa resevwa okenn avantaj oswa mwa kote avantaj ou yo te diminye.

Epitou, nenpòt salè ou fè apre ou fin siyen pou Sekirite Sosyal ka ogmante revni mwayèn ou anjeneral, epi avantaj ou yo ap ogmante.

Pou plis enfòmasyon, mande *Kouman Travay Afekte Benefis Ou* (Piblikasyon Nimewo 05-10069-HC).

Yon règleman espesyal pou chak mwa

Pafwa moun ki pran retrèt nan mitan ane deja fè plis pase revni limit pa ane a. Sa vle di gen yon règleman espesyal pou chak mwa ki aplike sou revni pou yon ane, òdinèman premye ane retrèt la. Dapre règleman sa a, ou ka jwenn avantaj konplè Sekirite Sosyal pou nenpòt mwa antye kote ou fè mwens pase yon sèten limit, kèlkeswa revni ou konn fè nan yon ane.

Nan ane 2013, yon moun ki poko gen laj pou retrèt konplè (laj 66 an pou moun ki fèt ant ane 1943 ak ane 1954) nou konsidere moun sa a pran retrèt li si revni moun lan se \$1,260 oswa mwens. Pa egzanp, John Smith pran retrèt a laj 62 an nan dat 30 out 2013. L ap fè \$45,000 jiska mwadout. Li pran yon travay tan pasyèl ki kòmanse nan mwa septanm, epi li fè \$500 pa mwa. Malgre revni li pou ane a depase limit ane 2013 la anpil (\$15,120), l ap resevwa yon peman Sekirite Sosyal pou mwa septanm jiska mwa desanm. Sa fèt paske revni li nan mwa sa yo mwens pase \$1,260, limit espesyal pa mwa nan “premye ane retrèt” pou moun ki poko gen laj pou retrèt konplè. Si Msye Smith fè plis pase \$1,260 nan nenpòt nan mwa sa yo (mwa septanm jiska mwa desanm), li pap resevwa yon avantaj pou mwa sa a.

Apati ane 2014, se limit chak ane a k ap aplike sèlman pou li paske li pap nan premye ane retrèt la ankò epi l ap deja itilize règleman espesyal pou chak mwa a pandan ane sa a.

Si ou fè travay endepandan, limit chak mwa a baze sou si ou fè anpil sèvis nan biznis ou. Anjeneral, si ou travay plis pase 45 èdtan pa mwa nan travay endepandan, ou pap ka jwenn avantaj pou mwa sa a.

Si ou te travay epi ou te touche salè

Salè konte nan limit revni ou lè ou fè salè yo, pa lè yo peye ou salè yo. Si ou gen revni ou te fè nan yon ane, men yo peye ou revni sa yo nan ane pwochèn lan, revni sa yo pap konte pou ane ou resevwa revni yo. Kèk egzanp peman revni ki ranvwaye pou yon lòt lè se peman ki akimile pou konje maladi oswa pou vakans, bonis, opsyon pou achte aksyon nan konpayi, ak lòt konpansasyon yo peye yon lòt lè. Si, nan yon ane, yo peye ou salè pou travay ou te fè nan ane anvan yo, ou dwe kontakte nou.

Nou gen aranjman ak Internal Revenue Service pou fè konpayi yo rapòte kèk kalite konpansasyon yo ranvwaye peman yo pou yon lòt lè dirèkteman sou Fòm W-2. Montan sa yo parèt nan kazyè ki rele, “Nonqualified plans” (“Plan ki pa kalifye yo”). N ap fè soustraksyon nan montan ki parèt nan kazyè ki genyen revni total pou nou ka detèmine ki montan ki konte pou ane sa a.

Si ou fè travay endepandan

Si ou fè travay endepandan, revni ou konte lè ou resevwa revni a—pa lè ou fè revni a—eksepte si yo peye ou revni a nan ane apre ou vin gen dwa resevwa Sekirite Sosyal la epi ou te fè salè a anvan ou te gen dwa resevwa Sekirite Sosyal la. Pa egzanp, si ou te kòmanse resevwa Sekirite Sosyal nan mwa jen 2012 epi ou resevwa enpe lajan nan mwa fevriye 2013 pou travay ou te fè anvan mwa jen 2012, li pap konte kont limit revni ou pou ane 2013 la. Men, si lajan ou resevwa nan mwa fevriye 2013 la te pou travay ou te fè apre mwa jen 2012, li ap konte kont limit revni ou pou ane 2013 la.

Kijan pou rapòte revni ou

Piske revni ou ka afekte avantaj Sekirite Sosyal ou, nou dwe konnen konbyen ou fè pandan ane a. Òdinèman, nou jwenn enfòmasyon sa a nan:

- Revni konpayi kote ou travay la rapòte sou W-2 ou; epi
- Revni pou travay endepandan ki rapòte sou deklarasyon taks sou revni ou.
- Ou dwe rapòte revni ou ba nou apre fen ane a sèlman si:
 - Ou kalifye pou règleman espesyal pou chak mwa a (gade paj 14) epi ou fè mwens pase limit ki genyen pou chak mwa a (si

se konsa, fè nou konnen pou nou ka peye ou avantaj ou yo pou mwa sa);

- Gen kèk nan revni ki parèt nan W-2 ou oswa tout revni ki parèt nan W-2 ou ki pat fèt nan ane yo rapòte a;
- Salè ou te depase limit la epitou ou te fè yon pèt apre dediksyon nan travay endepandan.
- W-2 ou montre salè konpayi kote ou travay la rapòte a epi w ap mete nan yon deklarasyon taks sou revni pou travay endepandan (pastè, pa egzantp);
- Ou te ranpli yon deklarasyon taks sou revni, men ou pat fè okenn sèvis nan biznis ou oswa ou ranpli deklarasyon taks pou chak ane fiskal;
- Ou se yon agrikiltè epi ou resevwa peman nan pwogram agrikòl federal oswa ou fè revni nan rekòt ane pase yo; oswa
- Nou dedui kèk avantaj, men ou pa fè okenn revni pou ane a oswa revni ou te mwens pase sa ou te di nou an.

Si nou ajiste montan avantaj ou yo, dapre rapò ou fè a, n ap fè ou konnen. Li enpòtan pou revize enfòmasyon an. Apeprè nan mitan ane a, nou ka voye yon lèt ba ou pou mande ou pou fè estimasyon revni ou pou ane kounyeya ak pou ane pwochèn. Estimasyon ou ap ede nou evite peye ou twòp avantaj oswa twò piti avantaj.

REMAK: Si w ap resevwa peman Supplemental Security Income [Revni Anplis pou Sekirite] (SSI) tou anplis avantaj Sekirite Sosyal, ou dwe rapòte tout revni ou bay Sekirite Sosyal

Estimasyon revni ou ak avantaj ou

Nou ajiste avantaj ou ane sa a dapre revni ou te di nou ou espere resevwa ane sa a.

Si gen lòt manm fanmi ou ki jwenn avantaj ki baze sou travay ou, revni ou kapab afekte kantite avantaj fanmi ou jwenn antou. Men, si ou jwenn avantaj antan yon manm fanmi, revni ou afekte avantaj ou yo sèlman.

Kijan pou revize estimasyon ou

Lè ou travay, ou dwe sere souch chèk travay ou. Pandan nenpòt moman nan ane a, si ou wè revni ou ap diferan pase estimasyon ou te fè a, ou dwe rele nou pou revize estimasyon an. Sa ap ede nou kenbe montan avantaj Sekirite Sosyal la kòrèk.

Lòt enfòmasyon enpòtan

Avantaj retrèt pou mari ak madanm ki gen mari/ madanm mouri

Ou ka chanje pou avantaj retrèt ki baze sou pwòp travay ou si yo pi plis pase sa ou resevwa akòz travay mari/madanm ou ki mouri. Avantaj ou yo ka pi plis si ou resevwa yo byen bonè depi laj 62 an oswa petèt jiska byen ta nan laj 70 an. Règleman yo konplike epi yo varye toudepann sou sikonstans ou. Si ou poko pale ak yon reprezantan Sekirite Sosyal konsènan avantaj ou resevwa pou retrèt ou (oswa sikonstans ou yo chanje), kontakte biwo Sekirite Sosyal nan zòn kote ou rete a pou diskite opsyon ki genyen pou ou yo.

Avantaj pou timoun

Si yon timoun ap resevwa avantaj ki baze sou travay ou, gen bagay enpòtan ou dwe konnen konsènan avantaj timoun lan resevwa yo:

- **Lè yon timoun rive laj 18 an**

- Avantaj timoun lan sispann nan mwa anvan timoun lan gen laj 18 an, amwenke timoun la swa andikape oswa li se yon elèv plentan nan yon lekòl elemantè oswa yon lekòl segondè.
- Anviwon senk (5) mwa anvan 18yèn anivèsè timoun lan, moun k ap resevwa avantaj pou timoun lan ap jwenn yon espikasyon sou kijan avantaj yo ka kontinye.
- Yon timoun ki gen avantaj ki sispann lè li gen laj 18 an ka fè avantaj yo rekòmanse ankò si timoun lan vin andikape anvan li gen laj 22 an oswa si timoun lan vin yon elèv plentan nan yon lekòl elemantè oswa yon lekòl segondè anvan li rive laj 19 an.

- **Si yon timoun andikape**

- Yon timoun ka kontinye resevwa avantaj apre laj 18 an si timoun lan gen yon andikap. Timoun lan kapab kalifye pou peman SSI pou andikap tou. Rele nou pou plis enfòmasyon.

- **Si yon timoun ki gen 18 an se yon elèv**

- Yon timoun ka resevwa avantaj jiskaske li gen laj 19 an si timoun lan toujou yon elèv plentan nan yon lekòl elemantè oswa nan yon lekòl segondè. Lè 19yèm anivèsè yon timoun rive pandan yon ane lekòl, avantaj yo ka kontinye jiskaske ane lekòl la fini, oswa pandan de (2) mwa apre 19yèm anivèsè a, kèlkeswa swa ki rive anvan an.
- Ou dwe avize Sekirite Sosyal imedyatman si elèv la kite lekòl, li chanje kòm elèv plentan pou li vin yon elèv lekòl tan pasyèl, yo mete li deyò oswa yo sispann li nan lekòl la, oswa li chanje lekòl. Ou dwe fè nou konnen tou si konpayi kote elèv la travay la peye li pou li ale lekòl.
- Nou voye yon fòm bay chak elèv nan kòmansman ak nan fen ane lekòl la. Li enpòtan pou ranpli fòm nan epi voye li tounen ba nou. Nou ka sispann avantaj yo si nou pa resevwa fòm lan.
- Yon elèv ka kontinye resevwa avantaj pandan yon peryòd vakans pandan kat (4) mwa oswa mwens si li gen entansyon tounen lekòl plentan nan fen vakans lan.
- Anjeneral, yon elèv ki sispann ale lekòl ka resevwa avantaj ankò si li tounen lekòl plentan anvan li gen laj 19 an. Elèv la dwe kontakte nou pou li refè aplikasyon pou avantaj ankò.

- **Kijan divòs afekte benefis bofis/bèlfi**

- Si yon bofis/bèlfi (pitit mari/madanm) ou ap resevwa avantaj ki baze sou travay ou epi oumenm ak paran timoun lan divòse, avantaj bofis/bèlfi a (pitit mari/madanm ou an) ap fini nan mwa apre divòs la fin fèt la. Ou dwe fè nou konnen tousuit divòs la fin fèt nèt.

Pwogram èd anplis pou nitrisyon (food stamps)

Ou ka jwenn èd nan pwogram Supplemental Nutrition Assistance Program [Pwogram èd anplis pou nitrisyon] (SNAP), yo te konn rele li food stamps (koupon pou achte manje) anvan sa. Vizite ***www.fns.usda.gov/snap*** pou ou ka konn kijan pou fè aplikasyon. Pou plis enfòmasyon, mande *Nutrition Assistance Programs [Pwogram èd pou nitrisyon]* (Piblikasyon Nimewo 05-10100) oswa *Enfòmasyon sou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP)* (Piblikasyon Nimewo 05-10101-HC).

Èske ou ka jwenn SSI?

Si ou gen revni ak resous limite, SSI ka ede ou. SSI se yon pwogram federal nou administre. Se revni jeneral ki finance li, se pa taks Sekirite Sosyal.

SSI voye chèk chak mwa bay moun ki gen laj 65 an oswa plis, oswa ki avèg oswa andikape. Si ou gen SSI, ou ka jwenn lòt avantaj tou, pa egzanp Medicaid, SNAP, ak lòt sèvis sosyal.

Nou pa konte kèk revni ou ak kèk resous lè nou deside si ou kalifye pou SSI. Òdinèman, nou pa konte kay ou ak otomobil ou kòm resous, pa egzanp. Rele nou pou plis enfòmasyon oswa pou fè aplikasyon pou SSI.

Si ou pa dakò ak yon desizyon nou pran

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan montan peman ou oswa konsènan enfòmasyon nou voye ba ou yo, kontakte nou.

Si ou pa dakò ak yon desizyon nou pran, ou gen dwa mande pou nou rekonsidere desizyon an. Ou dwe fè demann lan alekri epi voye li nan biwo Sekirite Sosyal la anvan 60 jou pase sou dat ou resevwa lèt w ap kesyone a.

Si ou pa satisfè toujou, gen lòt mezi anplis ou ka pran. Mande *Dwa ou pou kesyone Desizyon ki pran Sou Demann Ou* (Piblikasyon Nimewo 05-10058-HC).

Dwa ou genyen pou yon moun reprezante ou

Ou ka fè pwòp apèl ou poukont ou ak èd gratis Sekirite Sosyal oswa ou ka chwazi pou fè yon reprezantan ede ou. Nou ka ba ou enfòmasyon konsènan òganizasyon ki ka ede ou jwenn yon reprezantan.

Pou plis enfòmasyon konsènan kijan pou chwazi yon reprezantan, mande *Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan* (Piblikasyon Nimewo 05-10075-HC).

Pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl ou

Ou dwe kenbe kat Sekirite Sosyal ou yon kote ki an sekirite ansanm ak lòt papey enpòtan ou yo. Pa mache avèk kat la amwenke ou bezwen montre nan yon konpayi/patwon oswa yon pwofesyonèl nan yon sèvis kèlkonk kat la.

Sekirite Sosyal kenbe enfòmasyon yon jan pèsonèl epi an sekre—non, nimewo Sekirite Sosyal, dosye revni, laj, ak adrès benefisyè—pou anpil moun. Anjeneral, nou diskite enfòmasyon ou lan avèk oumenm sèlman. Lè ou rele oswa vizite nou, n ap poze ou plizyè kesyon pou ede nou verifye idantite ou. Si ou vle pou yon lòt moun ede ou ak biznis Sekirite Sosyal ou, nou bezwen pèmision ou pou nou pale sou enfòmasyon ou ak moun sa a.

Nou ankouraje ou pran prekosyon ak nimewo Sekirite Sosyal ou epi pwoteje konfidansyalite ou depi li posib.

Nou pran angajman pou nou pwoteje konfidansyalite dosye ou. Lè lalwa egzije pou nou voye enfòmasyon an bay lòt ajans gouvènman ki administre pwogram sante oswa pwogram byennèt sosyal, tankou Medicaid ak SNAP, ajans sa yo pa gen dwa pataje enfòmasyon sa a ak okenn lòt moun.

Yon mo konsènan Medicare

Medicare se yon plan asirans sante pou moun ki gen laj 65 an oswa plis. Moun ki andikape, oswa ki gen maladi ensifizans renal pèmanan oswa esklewoz lateral amyotwofik (maladi Lou Gehrig) ka jwenn Medicare a nenpòt ki laj.

Medicare gen kat (4) pati ladan

- Asirans lopital (Pati A) ede peye swen pou malad ki entène lopital epi pou kèk sèvis anplis pou suivi.
- Asirans medikal (Pati B) ede peye pou sèvis doktè, swen lopital pou malad ki pa entène, epi lòt sèvis medikal.
- Plan Medicare Advantage yo (Pati C) disponib nan plizyè domèn. Moun ki gen Medicare Pati A ak B ka chwazi pou resevwa tout sèvis swen sante yo nan yon òganizasyon sèvis pwofesyonèl swen sante dapre Pati C.
- Asirans preskripsyon pou medikaman (Pati D) ede peye pou medikaman doktè preskri pou tretman medikal.

Kiyès ki kalifye pou asirans lopital (Pati A)?

Pifò mou jwenn asirans lopital lè yo gen laj 65 an. Ou kalifye pou asirans sa a otomatikman si ou gen dwa jwenn avantaj Sekirite Sosyal oswa Railroad Retirement (Retrèt nan nivo chemendfè). Oswa ou

kapab kalifye sou travay yon mari/madanm (menm si ou divòse ak mari/madanm a). Gen lòt moun ki kalifye paske yo se anplwaye gouvènman Sosyal Sekirite pa kouvri men ki te peye taks Medicare la.

Si ou gen avantaj Sekirite Sosyal pou andikap pandan 24 mwa, w ap kalifye pou asirans lopital.

Si ou gen avantaj Sekirite Sosyal pou andikap paske ou gen esklewoz lateral amyotwofik (maladi Lou Gehrig), ou pa oblije rete tann 24 mwa pou kalifye.

Epitou, moun, ki gen maladi ensifizans renal pèmanan, ki bezwen dyaliz pou antretyen oswa ki bezwen terapi pou ranplase ren, kalifye pou asirans lopital si yo te travay lontan ase oswa si yo se mari/madanm oswa pitit yon moun ki te travay lontan ase.

Kiyès ki ka jwenn asirans medikal (Pati B)?

Prèske nenpòt moun ki kalifye pou asirans lopital ka siyen pou asirans medikal. Pati B se yon pwogram opsyonèl. Li pa gratis. Nan ane 2013, prim asirans regilye a pou chak mwa se \$104. 90. Gen kèk moun ki gen revni ki pi wo ki peye prim ki pi wo pou asirans.

Kiyès ki ka jwenn plan Medicare Avantaj yo (Pati C)?

Nenpòt moun ki gen asirans Medicare pou lopital (Pati A) ak asirans medikal (Pati B) ka jwenn yon plan Medicare Advantage. Nan plan Medicare Advantage yo gen:

- Plan swen kontwole Medicare yo;
- Plan òganizasyon sèvis pwofesyonèl swen sante prefere (preferred provider organization) Medicare yo (PPO);
- Plan prive Medicare kote oupeye yon frè pou sèvis yo; epi
- Plan Medicare pou espesyalite.

Ou ka gen pou peye yon prim asirans pa mwa poutèt avantaj anplis plan Medicare Advantage la ofri yo.

Kiyès ki ka jwenn asirans preskripsyon pou medikaman nan Medicare (Pati D)?

Nenpòt moun ki gen asirans Medicare pou lopital (Pati A) oswa asirans medikal (Pati B) oswa yon plan Medicare Advantage (Pati C) kalifye pou asirans preskripsyon pou medikaman (Pati D). Asirans

preskripsyon pou medikaman opsyonèl, epi ou peye yon prim asirans anplis pa mwa pou asirans lan. Gen kèk moun ki gen revni ki pi wo ki peye prim ki pi wo pou asirans.

Pou plis enfòmasyon, mande *Medicare* (Piblikasyon Nimewo 05-10043-HC).

Èd ak depans Medicare pou moun ki gen revni ba

Si ou gen revni ba epi epi ou pa gen anpil resous, eta kote ou rete a ka peye prim asirans Medicare yo, epi nan kèk sikonstans, lòt depans medikal ki soti nan pòch ou yo; pa egzanp, franchiz asirans (dediktib) ou yo epi.

Se sèl eta kote ou rete a ki ka deside si ou kalifye pou èd nan pwogram sa a. Si ou panse ou kalifye, kontakte eta kote ou rete a oswa ajans pou asistans medikal nan zòn lan (Medicaid), biwo sèvis sosyal la, oswa biwo byennèt sosyal la.

“Extra Help” (“Èd Anplis”) ak pri Medicare koute pou preskripsyon

Si ou gen revni ak resous limite, ou kapab kalifye pou Extra Help pou peye pou preskripsyon pou medikaman dapre Medicare Pati D. Wòl Sekirite Sosyal se pou ede ou konprann kijan ou kapab kalifye epi pou li travay sou aplikasyon ou pou Extra Help. Pou wè si ou kalifye oswa pou fè aplikasyon, rele nimewo telefòn gratis Sekirite Sosyal la oswa vizite sitwèb nou an.

www.socialsecurity.gov



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10077-HC
What You Need To Know When You Get Retirement
Or Survivors Benefits (Haitian-Creole)
March 2013

